

Se Dwa ou pou w Konnen...

Ou kapab:

- Genyen yon konseye pou agresyon seksyèl (defansè viktim) konfidansyèl 24 sou 24 oswa lòt moun pou ba w sipò ki pou la avèk ou pandan nenpòt egzamen oswa entèvyou.
- Mande yon Òdonans Tribunal pou pwoteje ou.
 - » Pou pwoteksyon imeda kont agresè a, mande yon ajan lapolis pou yon Òdonans Pwoteksyon Annijans.
 - » Jwenn plis enfòmasyon sou Òdonans Pwoteksyon Annijans nan:
www.courts.ca.gov/1260.htm.
- Mande enfòmasyon sou rezulta tès yo ak prèv ki genyen sou agresyon an.
- Mande ajan an pou yon nimewo dosye ak kijan pou w jwenn enfòmasyon sou kisa ki ap rive apresa.
- Si ou bezwen èd pou w peye pou depans ki gen rapò ak agresyon an, jwenn plis enfòmasyon epi aplike nan:
www.victims.ca.gov/victims/howtoapply.aspx
- **Remak: Ou ka oblige patisipe nan ka kriminèl la pou w kalifye pou CalVCB.**

Se Dwa ou pou w Konnen...

Ou kapab:

- Genyen yon konseye pou agresyon seksyèl (defansè viktim) konfidansyèl 24 sou 24 oswa lòt moun pou ba w sipò ki pou la avèk ou pandan nenpòt egzamen oswa entèvyou.
- Mande yon Òdonans Tribunal pou pwoteje ou.
 - » Pou pwoteksyon imeda kont agresè a, mande yon ajan lapolis pou yon Òdonans Pwoteksyon Annijans.
 - » Jwenn plis enfòmasyon sou Òdonans Pwoteksyon Annijans nan:
www.courts.ca.gov/1260.htm.
- Mande enfòmasyon sou rezulta tès yo ak prèv ki genyen sou agresyon an.
- Mande ajan an pou yon nimewo dosye ak kijan pou w jwenn enfòmasyon sou kisa ki ap rive apresa.
- Si ou bezwen èd pou w peye pou depans ki gen rapò ak agresyon an, jwenn plis enfòmasyon epi aplike nan:
www.victims.ca.gov/victims/howtoapply.aspx
- **Remak: Ou ka oblige patisipe nan ka kriminèl la pou w kalifye pou CalVCB.**

Ajans: _____

Non Moun Kontak la: _____

Telefòn: _____

No. Rapò Lapolis / Dosye: _____

Remak: _____

VSU Rev



Haitian Creole

Deklarasyon sou Dwa Víktim Agresyon Seksyèl

Ou genyen dwa. Se dwa ou pou w jwenn repons, se dwa ou pou w jwenn enfòmasyon epi se dwa ou pou w enfòme. Kat sa a esplike dwa esansyèl, opsyon ak resous pratik.

Se Oumenm ki Deside

Se chwa pa w pou:

- Fè yon egzamen fizik,
- Patissipe nan yon ka kriminèl, oswa
- Fè rapò sou agresyon an.

Kèlkeswa sa ou chwazi a, ou pa pèdi dwa w yo.

?

Kesyon?

Mande yon pwofesonèl swen sante, ajan lapolis oswa kontakte sant èd pou víktim vyòl lokal ou a.

Deklarasyon sou Dwa Víktim Agresyon Seksyèl

Ou genyen dwa. Se dwa ou pou w jwenn repons, se dwa ou pou w jwenn enfòmasyon epi se dwa ou pou w enfòme. Kat sa a esplike dwa esansyèl, opsyon ak resous pratik.

Se Oumenm ki Deside

Se chwa pa w pou:

- Fè yon egzamen fizik,
- Patissipe nan yon ka kriminèl, oswa
- Fè rapò sou agresyon an.

Kèlkeswa sa ou chwazi a, ou pa pèdi dwa w yo.

?

Kesyon?

Mande yon pwofesonèl swen sante, ajan lapolis oswa kontakte sant èd pou víktim vyòl lokal ou a.

VSU Rev



Haitian Creole

Se Dwa ou pou w Jwenn Repons

- Èske yo te analize prèv ou a sou 18 mwa?
- Èske yo te itilize prèv la pou yo fè yon pwofil ADN sou agresè w la?
- Èske yo te mete yon pwofil ADN nan bazdone lapolis la? Èske yo te jwenn yon match pou pwofil la yo?

Se Dwa ou pou w Jwenn Enfòmasyon, Tankou:

- Yon kopi gratis rapò yo sou krim nan. (Mande ajans lapolis lokal ou a pou li alekri.)
- Enfòmasyon ki nan rejis agresè a antanke delenkan seksyèl, si yo kondane li.
- Prèv ki nan kit vyòl la. Se pou kit vyòl la:
 - » Ale nan laboratwa epi pou yo analize li sou 24 mwa, epi
 - » Konsève li pandan 20 an, oswa jouk ou vin gen laj 40 an, si ou ten gen mwens pase 18 an nan moman agresyon an te fèt la.

Reyalite:

- Prèv ADN sou kò moun kapab dire de 12 èdtan jiska 7 jou.
- ADN ak lòt kalite prèv kapab dezentege si yo ekspoze a chalè, dlo oswa lòt materyèl.

Se Dwa ou pou w Jwenn Repons

- Èske yo te analize prèv ou a sou 18 mwa?
- Èske yo te itilize prèv la pou yo fè yon pwofil ADN sou agresè w la?
- Èske yo te mete yon pwofil ADN nan bazdone lapolis la? Èske yo te jwenn yon match pou pwofil la yo?

Se Dwa ou pou w Jwenn Enfòmasyon, Tankou:

- Yon kopi gratis rapò yo sou krim nan. (Mande ajans lapolis lokal ou a pou li alekri.)
- Enfòmasyon ki nan rejis agresè a antanke delenkan seksyèl, si yo kondane li.
- Prèv ki nan kit vyòl la. Se pou kit vyòl la:
 - » Ale nan laboratwa epi pou yo analize li sou 24 mwa, epi
 - » Konsève li pandan 20 an, oswa jouk ou vin gen laj 40 an, si ou ten gen mwens pase 18 an nan moman agresyon an te fèt la.

Reyalite:

- Prèv ADN sou kò moun kapab dire de 12 èdtan jiska 7 jou.
- ADN ak lòt kalite prèv kapabdezentege si yo ekspoze a chalè, dlo oswa lòt materyèl.

Suivi Medikolegal sou Prèv nan Agresyon Seksyèl (SAFE-T)

Kontakte Depatman Sèvis Victim Pwokirè Jeneral Kalifòni (California Attorney General's Victims' Services Unit) a pou yon lokalizasyon jeneral ak estati kit vyòl la baze sou done yo mete nan bazdone SAFE-T a. Oswa kontakte ajans lapolis lokal la ki te jere dosye w la.

Resous*

Sant Èd Lokal pou Victim Vyòl (Local Rape Crisis Center)
Kontakte sant èd lokal pou viktим vyòl ou a pou jwenn sipò, defans ak enfòmasyon sou sèvis yo bay yo.

Komite Konpansasyon pou Victim nan Kalifòni (California Victim Compensation Board, CalVCB) – Ede ranbouse viktим yo pou konsèy nan domèn sante mantal, pèt revni, netwayaj sèn krim, demenajman, fakti medikal ak dantè, ak lòt depans ki gen rapò ak agresyon an. 800-777-9229 • www.victims.ca.gov

Suivi Medikolegal sou Prèv nan Agresyon Seksyèl (SAFE-T)

Kontakte Depatman Sèvis Victim Pwokirè Jeneral Kalifòni (California Attorney General's Victims' Services Unit) a pou yon lokalizasyon jeneral ak estati kit vyòl la baze sou done yo mete nan bazdone SAFE-T a. Oswa kontakte ajans lapolis lokal la ki te jere dosye w la.

Resous*

Sant Èd Lokal pou Victim Vyòl (Local Rape Crisis Center)
Kontakte sant èd lokal pou viktим vyòl ou a pou jwenn sipò, defans ak enfòmasyon sou sèvis yo bay yo.

Komite Konpansasyon pou Victim nan Kalifòni (California Victim Compensation Board, CalVCB) – Ede ranbouse viktим yo pou konsèy nan domèn sante mantal, pèt revni, netwayaj sèn krim, demenajman, fakti medikal ak dantè, ak lòt depans ki gen rapò ak agresyon an. 800-777-9229 • www.victims.ca.gov

Kowalisyon Kalifòni Kont Agresyon Seksyèl

(California Coalition Against Sexual Assault, CalCASA) – Ap travay pou elimine yolans seksyèl atravè prevansyon, entèvansyon, edikasyon, rechèch, defans ak politik piblik. 916-446-2520 • www.calcsasa.org

Rezo Nasional kont Vyòl, Abi ak Ensès

(Rape, Abuse & Incest National Network, RAINN) – Pi gwo òganizasyon nan peyi a kont yolans seksyèl. 800-656-HOPE • www.centers.rainn.org

Liy Asistans Telefonik Nasional pou Yolans Domestik (National Domestic Violence Hotline) –

800-799-7233 • www.thehotline.org

Liy Asistans Telefonik Nasional pou Sant Resous kont Trafik Moun (National Human Trafficking Resource Center Hotline) – Liy Asistans Telefonik 24 sou 24: 888-373-7888 • www.humantraffickinghotline.org

Biwo Pwokirè Jeneral - Depatman Sèvis Victim nan Kalifòni (California Attorney General's Office - Victims' Services Unit) – Konekte viktим ak resous lokal pou sipò ak enfòmasyon. Bay enfòmasyon ak mizajou sou pwozedi apèl la. 877-433-9069 • www.oag.ca.gov/victimservices

Pou plis enfòmasyon, kontakte:

www.oag.ca.gov/sexual-violence

* Biwo Pwokirè Jeneral Kalifòni a pa kontwole, sipòte ni li pa responsab òganizasyon ak ajans ki liste pi wo yo.

Kowalisyon Kalifòni Kont Agresyon Seksyèl

(California Coalition Against Sexual Assault, CalCASA) – Ap travay pou elimine yolans seksyèl atravè prevansyon, entèvansyon, edikasyon, rechèch, defans ak politik piblik. 916-446-2520 • www.calcsasa.org

Rezo Nasional kont Vyòl, Abi ak Ensès

(Rape, Abuse & Incest National Network, RAINN) – Pi gwo òganizasyon nan peyi a kont yolans seksyèl. 800-656-HOPE • www.centers.rainn.org

Liy Asistans Telefonik Nasional pou Yolans Domestik (National Domestic Violence Hotline) –

800-799-7233 • www.thehotline.org

Liy Asistans Telefonik Nasional pou Sant Resous kont Trafik Moun (National Human Trafficking Resource Center Hotline) – Liy Asistans Telefonik 24 sou 24: 888-373-7888 • www.humantraffickinghotline.org

Biwo Pwokirè Jeneral - Depatman Sèvis Victim nan Kalifòni (California Attorney General's Office - Victims' Services Unit) – Konekte viktим ak resous lokal pou sipò ak enfòmasyon. Bay enfòmasyon ak mizajou sou pwozedi apèl la. 877-433-9069 • www.oag.ca.gov/victimservices

Pou plis enfòmasyon, kontakte:

www.oag.ca.gov/sexual-violence

* Biwo Pwokirè Jeneral Kalifòni a pa kontwole, sipòte ni li pa responsab òganizasyon ak ajans ki liste pi wo yo.